**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

Министерство образования и науки Республики Дагестан

МКОУ Генжеаульская СОШ им. М.М.Зумаева

МКОУ "Генжеаульская им. М.М. Зумаева"

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| На заседании ШМО | Заместитель директора по УВР | Директор |
| ________________ | ________________ | ________________ |
| Темиртдинова С.А. | Шихмурзаева Г.К | Махтиев А.С |
| Протокол №1 | Протокол № 1 | Приказ № 652 |
| от "27" 08 2024 г. | от "27" август 2024 г. | от "30" 08 2024 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

учебного предмета

«Родной (чеченский) язык»

для обучающихся 5 класса

с.Генжеаул 2024-2025

**Чулацам**
**Кхеторан кехат**

Нохчийн меттан юкъарадешаран юккъерчу школана лерина программа хIоттийна Нохчийн Республикин юкъарадешаран школашна леринaчу планан ,
Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан,коьрта юкъара дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартана бина хийцамаш, Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствос омрица ч1аг1бина болу 31 маяхь 2021ш. № 287,
коьртачу дешаран программин бух т1е а тевжаш, С.Э.Эдиловн нохчийн меттан герггарчу хьесапехь йолчу программехь пайда а оьцуш.

**Программа лерина ю х1окху сахьтийн барамна:**
5 класс, 34 дешаран к1ира,
Сахьтийн барам к1ирнах- 1 сахьт

**Программан тайпа**: нохчийн меттан базови программа
Белхан программин кхачойина дешаран –методически комплексаца:
1аматаш:
Овхадов М.Р.,Махмаев Ш.М., Абдулкадырова Р.А.Нохчийн мотт :1амат: 5 класс:-Соьлжа-Г1ала: АО «ИПК «Грозненский рабочий» , 2019 шо.

**Дешаран предмет Iаморан жамIаш:**

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхинчу дешархочуьнгахь нохчийн маттехула хила деза **личностни жамIаш**:
-нохчийн къоман культуран коьртачу мехаллех санна, нохчийн маттах кхетам хилар, дешар тIехь а, кхетаман, кхоллараллин хьуьнарш, дешархочун гIиллакх-оьздангаллица йоьзна амалш кхиорехь а цо дIалоцучу меттигах кхеташ хилар;
-нохчийн мотт эстетически мехалла санна тIеэцар; цунах дозалла дар, цуьнан ларам бар; къоман культуран хилам и хиларе терра, нохчийн меттан башхалла а, цIаналла а ларъян езар; мотт бийцар шардаре а, говза, шера бийцаре а кхачар;
- къамел дечу хенахь шен ойланаш а, синхаамаш а паргIат бовзийта а, дешнийн барам а, караберзийна грамматически гIирсаш тоъъал хилар; ша дечу къамелана тидамбеш, ша-шена мах хадо хааран хьуьнар хилар;
- нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гIирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар; нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гIуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дIалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;
- вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дIакхехьарехь нохчийн маттах пайда эца кийча хилар; къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дIакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;
- шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт мехала гIирс хиларх кхеташ хилар.

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза **метапредметни жамIаш:**
1) къамелдаран массо а тайпа карадирзина хилар:
- барта а, йозанан а хаам цхьанатайпана тIеэца безаш хиларх кхетар;
-ешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хила езар;

-тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш схьалаха хааран хьуьнар хилар, ШХГI а, дешарна лерина компакт-дискаш, Интернетан гIирсаш юкъа а лоцуш;
-билггалчу темина коьчал схьалаха а, цхьана кепе яло а хаар карадерзор; шенна хаам схьалаха а, иза къасто а, цунна анализ ян а хаар; хаамийн технологи а, технически гIирсаш юкъа а лоцуш, йоьшуш я ладугIуш бевзина хаам хийца а, ларбан а, дIабовзийта а хаар;
-хиндолучу дешаран декъан гIуллакхийн (цхьаммо ша а, вукхаьрца цхьаьна а) Iалашо билгалъян а, хьалха-тIаьхьа дийриг билгалдан а, барта а, йозанан а кепехь цхьанатайпанара жамIийн мах хадо хааран хьуьнар хилар;
-паргIатчу кепехь барта а, йозанехь а нийса шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар;
-шен нийсархошна хьалха доклад ян я цхьа хаамбан хаар;

2) карадирзиначу хаарех, шардарех, карадерзорех дахарехь пайда эцар;
- билгалбиначу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгIна я дIаешна текст юха схьайийца хаар;
- оьрсийн мотт Iаморехь нохчийн маттах пайда эца хаар;
- меттан башхаллех пайда эца хааар ( нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературан урокашкахь).
3) - тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар;

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхиначу дешархочун нохчийн мотт караберзоран **предметни жамIаш ду:**
1) массо а тайпана къамелдаран кепаш карайирзина хилар (ладогIар, ешар, дийцар я къамелдар (говорение), йоза), **гонахарчу адамашца йолу юкъаметтиг, тайп-тайпанчу хьелашка хьаьжжина, д1акхехьа аьтто бан.**
2) личностан кхетаман а, кхоллараллин а хьуьнарш кхиорехь, йоза-дешар карадерзорехь, ша-шен дешар лакхадаккхарехь матто дIалоцучу меттигах кхетар;
3) ненан меттан коммуникативно-эстетически таронех пайдаэцар;
4) ненан маттах долу 1илманан хааарш шордар, системе далор; цуьнан т1ег1анаш а, дакъош а вовшашца дозуш хиларх кхетам; лингвистикин базови кхетамаш, меттан коьрта цхьааллаш, грамматикин категореш караерзор;
5) дешан тайп-тайпанан кепара таллам бар (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложени а, дешнийн цхьаьнакхетар а синтаксически къастор: текстана, цуьнан чулацамца а, дIахIоттаман коьртачу билгалонашца, исбаьхьаллин гIирсех пайда эцарца а боьзна таллам бар;
6) х1оьттинчу хьоле а, къамелан стиле а хьаьжжина, шен ойла а, синхаам а ненан маттахь парг1ат бийца хаар, шен меттан дешнийн хазна (лексика) алсамъяккхар, дечу къамелехь грамматически г1ирсех пайдаэца хаар.
7) нохчийн меттан лексикин, фразеологин коьрта стилистически г1ирсаш а, нохчийн меттан коьрта норманаш (орфоэпически, лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни) а, къамелан оьздангаллин норманаш а караерзор; барта а, йозанан а аларшкахь зеделлачух пайдаэцар; къамелан т1ег1а лакхаяккха г1ертар;
8) меттан оьздангаллах, адамийн юкъарчу мехаллах санна, жоьпалла кхоллар.

**5 класс.**
**Нохчийн мотт 1аморан личностни жам1аш:**
- нохчийн мотт уьйран а, юкъаметигаллин гIирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар;
-нохчийн яздархойн исбаьхьаллин дашца г1иллакх-оьздангалла йовзар;
-дайн г1иллакхашкахь шена зеделлачун бух т1ехь леларца д1анисвалар;
-къаьмнийн оьздангаллин юкъаметтигаш дIакххехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

**Нохчийн мотт 1аморан метапредметни жам1аш:**
- хила ма-безза шен дешаран а, юкъараллин а болх цхьаьнатоха, д1абахьа хаар;
- дешаран а, школал арахьарчу а хаамех пайдаэцар (тайп-тайпанчу стилийн текстийн жам1дар, шен текст х1оттор, цхьалхе, яьржина план х1оттор, тезис ялор);
-тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш схьалаха хааран хьуьнар хилар, ШХГI а, дешарна лерина компакт-дискаш, Интернетан гIирсаш юкъа а лоцуш;
кхолларалин декхарш кхочушдар, тайп-тайпанчу кепашца шен белхан жам1аш довзийтар (хаам, эссе, презентаци);
дешархошца тобанехь бечу балха т1ехь г1о дан кийча хилар;
школехь а, юкъараллехь а оьздангаллин юкъаметтиг ларъяр.

**Предметни жам1аш:**
**Ладог1ар (аудировани**)
-1илманан-дешаран а, исбаьхьаллин а хезаш йоьшучу кегийчу текстийн коьртачу чулацамах кхетар;
- текстан коьрта маь1на, д1ах1оттам къастор.
**Ешар**
- нийса а, шера а ешар;
-текстера коьрта а, коьртаза а хаам схьаэцар;
- текст маь1нийн дакъошка а екъна, цхьалхе план х1оттор;
- ешначу текстан чулацаман хаттаршна жоьпаш далар;
- текстан чулацам цуьнан ц1арца бовзар;
лингвистически дошамера тайп-тайпана хаамаш схьакъастор;
хезаш текст ешарехь логически тохаран а, йиш айяран барам д1анисбар.
**Дийцар(говорение)**
- шеко йоццуш хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар;
- къамелан тайпа а, текстан д1ах1оттам а ларбеш, ешна текст яцйина схьайийцар;
-тема схьаелларца коьрта маь1на гойтуш, барта шен ойла гайтар.
**Йоза(письмо)**
- къамелан тайпанаш йозанца гайтар;
- сочиненина план х1оттор, йозанехь цуьнан барам ларбар;

- текст абзацашка екъар;
- шайн чулацамехь кегий告тексташ язъяр;
-текст язъеш, тайп-тайпанчу дошамех пайдаэцар;
-текстан коьрта маь1на гойтуш йолу ц1е карор;
-текстан чулацамехь кхачамбацарш д1анисдар.

**фонетика а, орфоэпи а**

-деха а, доца а, мукъа а, мукъаза а, зевне а, къора а аьзнаш къастор;
-дешан озан-элпан анализ яр;
-нохчийн метан интонаци а, орфоэпически норманаш а карайирзина хилар;
-нохчийн меттан интонацин а, аьзнийн системин а башхаллех кхеташ хилар.

**графика:**

- нохчийн абатан элпаш нийса алар;
- дошамашца болх беш, абатан рог1аллех пайдаэцар;
-дешан озан а, элпана хIоттам дуьхь-дуьхьал хIоттор.

**Дешан х1оттам (морфемика)**

- дешнаш а, дешан форманаш а кхолларехь морфемаша деш долу гIуллакх довзар;
- цхьана ораман дешнаш харжар, къамелехь царах пайдаэцар;
- тайп-тайпанчу некъашца дешнаш кхоллар;
- схьадевлла а, схьадовлаза а дешнашкъастор;
- тайп-тайпана хьесапаш морфемни а, дошкхолладаларан а словарашца кхочушдар.
- дешан хIоттамца дешнаш таллар, дошкхалладаларан талам бар.

**Лексика а, фразеологи а**

- дешан лексически а, грамматически а маьIнаш къастор;
- цхьана маьIнин а, дуккха а маьIнийн дешнаш дийцар;
- дешан нийса а, тIедеана а маьIна билгалдаккхар;
- синонимаш, антонимаш, омонимаш ялор;
- историзмех, архаизмех, неологизмех пайдаэцар;
- фразеологизмаш, аларш, дустарш, кицанаш къамелехь, йозанехь далор.

**Морфологи**

- шен коьртачу билгалонашца ц1ердош довзар;
- ц1ердош дожаршца а, терахьашца а хийцар;
- ц1ердешан грамматически классаш а, легарш билгалдахар.

**Орфографи**

- морфемашкахь орфограммаш лахар;
- нийсачу некъаца цхьанаораман дешнаш лахар;
-1амийначу бакъонашца дог1у дешнаш шаьш къастор.

**Синтаксис а, пунктуаци а**

-предложенехь дешнийн цхьаьнакхетарш билгалдахар;
- дешнийн цхьаьнакхетарехь коьрта а, дозуш долу а дешнаш билгалдахар;
- дешнийн цхьаьнакхетаршна схемаш х1иттор;
- схемица дешнийн цхьаьнакхетарш х1иттор;
- аларан 1алашоне хьаьжжина предложенин тайпанаш билгалдахар;
- предложенин грамматически бух билгалбаккхар;
- яьржина а, яржаза а предложенеш къастор;
- цхьалхе а, чолхе а предложенеш вовшех къастор;

- цхьанатайпанарчу меженашца а, т1едерзарца а предложенеш х1иттор;
- ма-дарра къамелаца йолу предложенеш х1иттор;
1амийначу бакъонаш т1е доьг1на пунктуационни норманаш ларъяр.

## Нохчийн меттан тематически план

## 5-г1а класс

| № | Дешаран темин дакъа | Сахьтийн барам | Талламан кеп | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Дикт. | Излож. |
| 1 | Юьхьанцарчу классашкахь 1амийнарг карладаккхар | 4с | 1 | |
| 2 | Синтаксис а, пунктуаци а.. | 6с | | |
| 3 | Предложенин коьрта меженаш. | 3с | | |
| 4 | Предложенин коьртаза меженаш. | 3с | 1 | 1 |
| 5 | Фонетика,графика,орфографи | 10с. | 1 | |
| 6 | Дешан хIоттам | 5с | | |
| 7 | Ц1ердош | 3с | 1 | |
| | Дерриге | 34 | 4 | 1 |
| | | | | |

**5—чу классана нохчийн мотт 2024-2025 хьехаран шеран рузманан хьесапаш**

***Авторш: Овхадов М.Р., Махмаев Ж.М., Абдулкадырова Р.А., 2018***

| | Тема урока | час | Дата | | Д/З |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | По плану | По факту | |
| 1 | Синтаксиках кхетам.Дешнийн цхьанакхетарш. | 1 | 4.09 | | Упр.20 стр.15 |
| 2 | Предложени.Предложенийн тайпанаш. | 1 | 11.09 | | Упр.29 стр.20 |
| 3 | Дийцаран.Хаттаран.Айдаран предложенеш | 1 | 18.09 | | Упр.40 стр.27 |
| 4 | Предложени коьрта меженаш подлежащи,сказуеми. | 1 | 25.09 | | Упр.54.стр.34 |
| 5 | Предложени коьртаза меженаш.Кхачам | 1 | 2.10 | | Упр.59 стр.36 |
| 6 | Къастам.Латтам | 1 | 9.10 | | Упр.62 стр.37 |
| 7 | Талламан болх. | 1 | 16.10 | | Повтор. |
| 8 | Г1алаташ т1ехь болх бар. | 1 | 23.10 | | Повтор. |
| 9 | Яржазий,яьржийна предложенеш. | 1 | 30.10 | | Упр.71 стр.42 |
| 10 | Предложени цхьанатайпанара меженаш.Цхьанатайпанарчу меженашкахь юкъара дешнаш,хуттургаш. | 1 | 13.11 | | Упр.89 стр.51 |
| 11 | Т1едерзар.Цуьнан сацаран хьаьркаш.Ма-дарра къамел. | 1 | 20.11 | | Упр.98 стр.57 |
| 12 | Диктант | 1 | 27.11 | | Повтор. |
| 13 | Г1алаташ т1ехь бол бар. | 1 | 4.12 | | Повтор. |
| 14 | Цхьалхе а,чолхе а предложенеш.Чолхе предложенеш хуттургаш. | 1 | 11.12 | | Упр.105 стр.61 |
| 15 | Талламан болх. | 1 | 18.12 | | Повтор. |
| 16 | Диолог.Дддиологехь сацаран хьаьркаш. | 1 | 25.12 | | Упр.122 стр.73 |
| 17 | Фонетика.Графика.Орфографи.Аьзнийн кхолладаллар. | 1 | 13.01 | | Упр.140 стр.82 |
| 18 | Элпаш.Аьзнаш.Абат. | 1 | 20.01 | | Упр.145 стр.85 |
| 19 | Зевне а,къора а мукъаза аьзнаш.Шала мукъаза элпаш.Шалха элпаш. | 1 | 27.01 | | Упр.154 стр.88 |
| 20 | Изложени. | 1 | 3.02 | | Повтор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 21 | Элпаш Е,Ё,Ю,Юь.Й-элпан маь1на.Деха а,доца амукъа аьзнаш | 1 | 10.02 | | Упр.162 стр.93 |
| 22 | Дифтонгаш.Йиш хадоран хьаьрк.Мукъачу аьзнийн мерах алар. | 1 | 17.02 | | Упр.166 стр.96 |
| 23 | Талламан диктант | 1 | 24.02 | | Повтор. |
| 24 | Г1алаташ т1ехь болх бар. | 1 | 3.03 | | Повтор. |
| 25 | Лексиках кхетам.Дешнийн маь1наш.Омонимаш.Синонимаш.Антонимаш. | 1 | 10.03 | | Упр.189 стр.108 |
| 26 | Дешнийн ч1аг1делла цхьанкхетарш. | 1 | 17.03 | | Упр.215 стр.119 |
| 27 | Морфологи дошкхолладалар.Дешан лард а,чаккхе а. | 1 | 7.04 | | Упр.231 стр.127 |
| 28 | Орама,гергара дешнаш а.Дешхьалхе.Суффиксийн тайпвнаш. | 1 | 14.04 | | Упр.246 стр.134 |
| 29 | Ц1ердош.Юкъара а,долахьа ц1ердешнаш. | 1 | 21.04 | | Упр.251 стр.137 |
| 30 | Ц1ердешнийн цхьаллин а,дуккхалийн а терахь.Ц1ердешнийн грамматически классаш. | 1 | 28.04 | | Упр.264.стр.143 |
| 31 | Ц1ердешнийн дожарш.Ц1ердешнийн легарш. | 1 | 5.05 | | Упр.266 стр.146 |
| 32 | Талламан болх | 1 | 12.05 | | Повтор. |
| 33 | Г1алаташ т1ехь болх бар. | 1 | 19.05 | | Повтор. |
| 34 | Дукхаллийн терахьийн ц1ердешнийн легар.Т1еэцначу ц1ердешнийн нийсаяздар. | 1 | 26.05 | | Упр.298 стр.162 |